



# Orange Township Public Schools

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.  
Office of the Superintendent



21 Desanm 2021

Nou Salye Tout Anplwaye, Fanmi, ak Gadyen/Siveyan nou yo nan Lekòl Piblik Distri Vil Orange lan,

Kòm nou toujou ap navige nan yon pandemi; anplwaye eksepsyonèl nou yo kontinye travay kole kole avèk elèv nou yo. Anplis de sa, pwofesè yo kontinye travay ansanm avèk kolèg yo pou asire key o diferansye senaryo ansèyman ke y'ap bay elèv yo, yo byenvize, epi entansyonèl. Atravè opòtinite devlopman pwofesyonèl ak kolaborasyon, pwofesè yo prepare pou edike elèv nou yo nan nenpòt senaryo. Konsa, pou nou asire yon bonjan tranzisyon pou kesyon retounen nan ansèyman/aprantisaj an pèsòn yo aprè konje/fèt Noèl la, elèv yo ak anplwaye yo pral retounen dapre orè sa a:

**Elèv yo** ap retounen 18 Janvyè 2022, pou ansèyman an pèsòn aprè Jounen Obsèvan Martin Luther King Jr. a (menm si aprantisaj senkwonik yo ap kòmanse chak jou apati de 3 Janvyè 2022 jiska 14 Janvyè 2022.) Aprantisaj senkwonik chak jou yo k'ap kòmanse 3 Janvyè 2022 a pral swiv orè jounen konplè elèv la. Jounen lekòl la pral dire tout jounen ansèyman an.

**Anplwaye yo** pral retounen 10 Janvyè 2022, epi y'ap anseye apati de distri a. Sa pral pèmèt anplwaye yo tan pou prepare aprantisaj an pèsòn lan pou elèv yo k'ap retounen nan dat 18 Janvyè 2022 a.

**Biwo Santral la** ap rete ouvè (pou sipò an pèsòn) soti 3 Janvyè 2022 pou rive 7 Janvyè 2022, pou nenpòt kesyon ak sipò ke fanmi yo ak anplwaye yo ka bezwen. Sipèntandan an, Administratè Biznis Lekòl la, ak Direktè/Diretris Egzekitif yo pral rankontre avèk Anplwaye Biwo Santral Mèkredi 22 Desanm 2021 an; pou diskite sou orè depatman yo.

**Estaf Esansyèl yo:** Sekirite yo pral prezan dapre yon orè espesyal pou distribisyon pwiske nou pral bezwen pou elèv yo resevwa manje maten ak manje midi yo.

**Pwogram Manje Maten ak Manje Midi "Grab and Go" a** nan maten pou lè elèv yo ap vin cheche yo: 7:00 AM pou 8:15 AM, 11:00 AM pou 12:00 PM, ak 12:15 PM pou 1:15 PM. Sa a pral pèmèt elèv yo pran materyèl pandan peryòd manje midi a tou. Anplis de sa, elèv yo ka rapòte menm jan nou te fè ane pase a, nan nenpòt lokal ki nan lis anba a:

**Lokal yo chwazi pou distribisyon Manje Maten (Dejene) ak Manje midi (Grab and Go) a yo mansvone konsa:**

- OECC, ki localize nan 397 Park Avenue
- Scholars Academy, ki localize nan 268 Capuchin Way
- Forest Street School, ki localize nan 651 Forest Street
- Heywood Avenue School, ki localize nan 421 Heywood Avenue
- Lincoln Avenue School, ki localize nan 216 Lincoln Avenue
- Oakwood Avenue School, ki localize nan 135 Oakwood Avenue
- Park Avenue School, ki localize nan 231 Park Avenue
- Rosa Parks Community School, ki localize nan 369 Main Street

**Sipò pou Paran, Gadven ak Siveyan yo:** Sou sit entènèt la, yon lèt pou telechaje pral disponib pou paran yo konsènan ekstansyon aprantisaj vityèl la jiska 14 Janvyè 2022, pou paran, gadyen yo oswa siveyan yo.

**Tès:** Li trè rekòmande pou elèv yo ak anplwaye yo pran yon tès PCR anvan yo retounen nan distri a. Pou moun ki te oblije mete yo nan karantèn akòz kontak dirèk yo, distri a ta renmen rezilta PCR yo pou bay elèv yo ak anplwaye yo sipò lè yo retounen, jan yo te pataje'l nan lèt yo te voye lè nan peryòd karantèn lan te kòmanse.

**Prezans:** Elèv yo DWE kenbe kamera yo ouvè pandan tout tan ansèyman nan salklas la. Anplis de sa, elèv yo dwe rete anliy pou yo make alè epi prezan pou klas yo. N'ap konte prezans yo, paske nou dwe konplete 180 jou ansèyman. Anplwaye enstriksyonèl yo pral bay ansèyman an dirèk epi li enpòtan pou elèv yo fè pati lesòn ke yo prepare yo.

**Ki Kote w'ap Jwenn Lyen yo:** Anplwaye nou yo ap mete tout bagay ajou kounye a pou nou ka pare pou 3 Janvyè 2022 a. Ou ka jwenn tout lyen pou ansèyman yo sou sit entènèt pwofesè a jan yo te ye ane pase a. Tanpri vizite sit entènèt distri a nan [www.orange.k12.nj.us](http://www.orange.k12.nj.us).

Apati de la, Chwazi Distri nou an (Our Distict) epi klike sou Lekòl nou yo (Our Schools). Yon fwa ou fin chwazi lekòl pitit ou a, chwazi Fakilte (Faculty) pou jwenn pwofesè pitit ou a, kote w pral jwenn tout lyen ansèyman yo. Lè w wè mesaj Dojo oswa Rapèl (Remind) pwofesè yo oswa isit la mesaj plon gaye ki soti nan Biwo Santral la oswa nan lekòl pitit ou a, tanpri koute avèk anpil atansyon pou enfòmasyon enpòtan yo. Kòm toujou, nou vle ke w okouran, pou rezon planifikasyon.

**Kyòsk (Distriyon) pou Sipò Teknolojik:** Kyòsk (Distribisyon) sa yo ki baze sou bezwen yo ap fèt Mèkredi 22 Desanm 2021 an nan apre midi oswa Jedi 23 Desanm 2021 an nan maten. Direktè/Direktris lekòl yo pral voye enfòmasyon yo bay fanmi yo kòm sadwa

**Byennèt Mantal ak Emosyonèl:** Rechèch montre enpòtan byennèt mantal ak emosyonèl pou elèv yo ak anplwaye yo, ki gen tou de rezilta sikolojik ak finalman akademik yo. Aksè pou wè konseye akademik lekòl yo ak klinik sante nan lekòl yo ede elèv yo. Konseye akademik yo ak sant sante yo ki baze nan lekòl yo ap kontinye jwe yon wòl trè enpòtan pandan tan sa a. Nou te bay kèk materyèl sipò ak yon videyo pou ka wè avèk je w.

<https://link.springer.com/article/10.1007/s12310-013-9116-2>

<https://onlinelibrary.wiley.com/doi/abs/10.1002/pam.20528>

<https://www.youtube.com/watch?v=Pzxtx-M8Rg&feature=youtu.be>

Pandan tout ane sa a, imèl [reopeningofschools@orange.k12.nj.us](mailto:reopeningofschools@orange.k12.nj.us) la ap rete disponib pou reponn nenpòt kesyon w ka genyen pandan eksperyans inik sa a. Tandiske repons imèl yo souvan retounen nan kèk èdtan aprè yo fin voye yo, tanpri pèmèt 24 èdtan pou yon repons imèl. Li enpòtan anpil pou nou kenbe anplwaye yo ak fanmi yo enfòm, sitou nan moman sa yo.

Nou sètènman nan sa nou ye a ansanm. Mwen gen konfyans ke nou pral kontinye travay nan yon santye ki ranpli ak siksè ak akonplisman pandan tout ane lekòl sa a ak menm pi lwen.

Edikasyonèlman,

*Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.*

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.

Sipèntandan Lekòl yo